



**Rapò sou sitiyasyon dwa moun nan peyi Dayiti
Jiyè — Desanm 2013
Rezime**



Mwa Jen 2014

Rezime

Nan rapò sa a Seksyon Dwa Moun MINUSTAH ak Wo Komisarya Dwa Moun, prezante epi analize eleman ki pi enpòtan yo nan sitiyasyon dwa moun nan peyi dayiti, soti jiyè rive desanm 2013. Rapò sa a vini apre yon lòt rapò ki te fèt soti janvye pou rive jen 2013, ki te pibliye nan mwa septanm 2013.¹

Pami bagay ki pi enpòtan ki te fèt nan dezyèm pati ane 2013 la, nou jwenn yo fini avèk pwosesis ratifikasyon Pak entènasyonal sou dwa ekonomik, osyal ak kiltirèl yo, ak ratifikasyon Konvansyon Lahè sou pwoteksyon timoun ak kowoperasyon sou kesyon adopte timoun nan nivo entènasyonal ansanm ak kesyon siyen Konvansyon kont kraze zo ak kont lòt pèn osnon tretman ki detwi onè ak diyite moun, ansanm ak konvansyon sou dwa travayè ak tout fanmiy yo ki soti nan lòt peyi.

Lòt pwogrè enpòtan ki fèt, se lè Sou-komite akreditasyon ki anndan Komite kowòdinasyon entènasyonal enstitisyon nasyonal pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun yo rekonèt dwa pou Ofis pwoteksyon sitwayen yo (OPC) gen estati A. Men anmenmtan an tou, yo fè kèk rekòmandasyon pou Ofis la, sitou nan sa ki konsènen prensip endependans li.

Anpil nan 122 rekòmandasyon Leta ayisen te aksepte apre premye sik ekzamen peryodik inivèsèl la (EPU) nan ane 2011 yo, ap reyalize kounye a. Trèz rekòmandasyon ki gen arevwa, pam i anpil lòt, ak lit kont trafik moun, pa enregistre okenn pwogrè depi yo te depoze devan Palman an pwoje lwa sou trafik moun lan. Gen aksyon ki te pran kanmenm sou sis rekòmandasyon leta ayisen pat akspete sou kesyon enstitisyon nasyonal pou pwomosyon pwoteksyon dwa moun yo. Fòk nou fè remake pwoblèm manke lajan ak defi rekonstriksyon apre tranblemann tè 2010 la reprezante yon gwo baryè ki anpeche reyalizasyon anpil nan rekòmandasyon yo.

Anplis enkyetid pi fò moun nan peyi a genyen sou move tretman, arrestasyon abitè ak itlizasyon fòs gwo ponyèt san respè pou lalwa, ajan PNH yo ak ajan prizon yo, kontinye ap fè nan peyi a, Seksyon Dwa Moun lan gen plis tèt chaje toujou lè 1 wè pa gen gwo jefò ki fèt pou bay yon repons devan akizasyon sa yo. Enspeksyon jeneral lapolis la (IGPNH) fè konnen yo mennen ankèt disiplinè toutan, konsa gen 324 ka (sou yon total 1022 dosye yo ap trete) kote yo rekòmande sinksyon pou polisye ki pa kòrèk yo pou peryòd yo konsidere a. Rive 31 desanm 2013, IGPNH tap fini rapò aktivite l yo pou ane a, yon fason pou l monstre popilasyon an volonte l pou l fè bagay yo nan transparans. Pa te genyen okenn rapò ki te fet depi nan lane 2008.

Pa genyen gwo pwogrè ki fèt nan sa ki gen arevwa ak vyolasyon dwa moun ki te konn fèt nan tan pase yo. Nan finisman lane 2013 la, plis pase 7 mwa apre yo te fin trennen douvan Koudapèl

¹ MINUSTAH et HCDH, *Rapport semestriel sur les droits de l'homme en Haïti — Janvier à Juin 2013*: <http://bit.ly/1ikXuM8>

Dwa moun nan peyi Dayiti - Jiyè - Desanm 2013

òdonans jij enstriksyon an te pran nan dosye Divalye a, Koudapèl te toujou pat jan m rann desizyon l.²

Nan dezyèm pati ane 2013 la, Seksyon Dwa Moun lan te kontinye swiv kèk dosye ki fè yap mande si lajistis endependan vre epi ki fè santi enpinite a kontinye ap vale teren nan peyi a, sitou, gen rimè ki ta fè kwè yap menase osnon fè zak reprezay kont moun kap denonse zak koripsyon. Anplis, nan menm peryòd sa a, Seksyon Dwa Moun lan te dokimante epi rapòte sa ki ta fè kwè genyen atak ki prevwa fèt sou defansè dwa moun yo.

Yon lòt kote, enpinite pou dosye vyòl yo kontinye ap vale teren. Leta pa janm mennen ankèt ki nesesè ni li pa ede fanm viktим yo pou jwenn bon jan aksè nan pwozedi jidisyè yo.

Seksyon Dwa Moun lan te konstate ankò,, se dwa pou moun yo pou yo viv lib, an sekirite, epi tou pou yo gen dwa pase devan jij nan yon tan ki pa twò long yo plis kontinye ap vyole nan peyi a. An patikilye, kantite moun yo kenbe nan prizon kap tann jijman wo anpil – plis pase 70% – epitou pakèt tan ki pase ant moman yo arete moun lan ak moman yo mennen l devan jij li, sa bay anpil tèt chaje.

Anplis toujou, anpil nan moun yo kenbe nan prizon, se sou yon baz gwo ponyèt, san respè pou sa lalwa peyi a, nan rejyon an ak nan nivo entènasyonal yo di, yo kenbe yo nan yon kondisyon ki sanble tankou de gout dlo ak tretman ki fèt ak anpil mechanste, ki pa respekte moun epi ki detwi onè ak diyite moun, tankou jan Ekspè endependan sou sitiyasyon dwa moun peyi Dayiti a te di l. Men fòk nou fè remake gen yon kòmansman dyalòg ant gouvènman an ak MINUSTAH pou wè ki sa ki kapab fèt ansanm pou mennen yon bon kantite moun ki nan prizon san jije devan jij yo epi diminye rapid rapid valè moun ki gonfle prizon yo, nan kad yon batay kont detansyon pwovizwa pwolonje a ak tout lòt kalite bagay ki pa kòrèk kap fèt dèyè do lalwa nan prizon yo.

Seksyon Dwa Moun lan te kontinye ap founi je gade epi siyale tout ka otorite administrativ ak jidisyè yo, manb Palman an osnon eli lokal yo, ki ap anplwaye ajan sekirite osnon brigad sivil pou ranpli fonksyon sekirite alòske sa se wòl Leta. Gouvènman an ki rete san di anyen douvan sitiyasyon tèt chaje sa a, sitou nan peryòd kote peyi a pral antre nan eleksyon, fè moun ap poze tèt yo anpil kesyon.

Alòske yo kontinye ap maspinen epi touye moun ak kout wòch nan peyi a, lajistis pa fasil rekonèt lotè zak sa yo koubap ; sa ki lakòz enpinite vinn pi grav. Malgré tout jefò otorite yo fè pou frennen fenomèn sa a, li kontinye ap vale teren nan peyi a, efò sa yo pokò prèt pou ase. Dapre tandans ki obsèvè nan koumansman ane sa a, fenomèn sa a sanble ogmante kontrèman ak lane pase yo. Pwoteksyon dwa moun nan sitiyasyon operasyon imanitè ak devlopman rete yon gwo defi nan peyi Dyiti. Anplis sitiyasyon moun kap viv nan kan yo ki konsidere kòm viktим tranblemann tè 2010 la, yo dwe konsidere tou sitiyasyon moun kap viv nan etablisman enfòmèl yo depi anvan osnon depi lètranblemann tè a epi ki ap viv nan anpil povrete. Popilasyon k ap viv

² Yo te fè yon desizyon finalman fè a, 20 fevriye 2014.

Dwa moun nan peyi Dayiti - Jiyè - Desanm 2013

nan etablisman enfòmel sa yo sa yo pa benefisyé program èd ki la pou moun ki viktim tranblemantè a.

Malgre jefò ki fèt nan kad yon politik lojman, gen gwo baryè ki anpeche tout ayisyen jwi dwa yo pou yo gen yon kote korèk pou yo rete.

Seksyon Dwa Moun lan kontinye gen tèt chaje pou moun yo ka mete deyò nenpòt ki lè kote yo rete a. Gouvènman ayisyen an pa janm bay yon repons klè sou ki sa lap fè pou pèmèt pwopriyetè ak moun ki deplase sa yo jwenn satisfaksyon.

Pou fini, Seksyon Dwa Moun lan rekònèt gwo efò Direksyon Pwoteksyon Sivil ap fè pou antre prensip pwoteksyon dwa moun anndan repons lap bay lè gen katastwòf natirèl.